# KARBON KISLOTALARÍ TEMASÍN JAŃA PEDAGOGIKALÍQ TEXNOLOGIYALAR TIYKARÍNDA ÚYRENIW

**G.U.Utenova** – *oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*
**N.J.Uzaqbergenov** – *magistrant*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so'zlar:** blits-savol, aqliy hujim, innovatsiyon usul, ijodkorlik sheriklik, karbon kislotalari, intuitsiya.
**Ключевые слова**: блиц-вопрос, мозговой штурм, инновационный метод, кооперативное партнерство, угольные кислоты, интуиция.
**Key words:** blic-questions, brainstorming, innovation method, cooperative partnership, carbonic acids, intuition.

Házirgi rawajlanıwlar dáwiri tálimniń barlıq basqıshlarında ximiya pánin oqıtıw sistemasın jáne de jetilistiriw, pedagoglardıń nátiyjeli miynetin qollap-quwatlaw, ilimiy-izertlew jumıslarınıń kólemin keńeytiw hám ámeliy áhmiyetin asırıw, xalıq aralıq jámiyetshilik penen baylanıslardı bekkemlew, sonıń menen birge, Ózbekstan republikası joqarǵı tálim sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw koncepsiyasında ámelge asırıwǵa tiyisli Mámleketlik baǵdarlamasında belgilengen. Birinshiden, texnikanıń rawajlanıwı ximik ilimpazlar aldına teoriyalıq tárepten islep shıǵarılıwı kerek bolǵan bir qatar máselelerdi qoyadı. Bul máselelerdi sheshiliwi óz gezeginde ximiya pániniń jáne de rawajlanıwına sebep boladı. Ekinshiden, ximiya páninde jaratılıp atırǵan jańa teoriyalar jáne bul teoriyalardı ámeliyatqa nátiyjeni ámelde qollanıw texnikası aldına belgili strukturalı materiallardı jaratıw máselesin qóyadı. Mámleketimizde tálim-tárbiya sistemasın tupten reformalaw, onı zaman talapları dárejesine kóteriw, keleshek ushın bárkámal áwladtı tárbiyalaw isleri mámleket siyasatınıń tiykarǵı baǵdarına aylandı.

Ózbekstanda alıp barılıp atırǵan reformalardan tiykarǵı maqset, mámleketimizde salamat hám bárkámal, bilimli, joqarı ruwxıy - etikalıq paziyletlerge iye bolǵan áwladtı qáliplestiriwden ibarat. Usı maqsetke erisiw ushın húrmetli Prezidentimiz Sh.Mirziyoyev basshılıǵında jańa dáwirde jasaytuǵın, jańasha pikirleytuǵın, jańa islep shıǵarıw, social sharayatlarda iskerlik kórsetetuǵın, zamanagóy kásiplik uqıpǵa iye bolǵan qánige kadrlar tayarlawdıń -o'zbek modeli jámiyette nátiyjeni ámelde asırıw bolıp tabıladı.

Ózbekstannıń keleshegi, onıń perspektivası, birinshi náwbette jaslar tárbiyasına, olardı saǵlam etip ósiriwge, milliy ideya, milliy ideologiya hám óz watanına sadıqlıq ruwxında tárbiyalawǵa baylanıslı bolıp, bul quramalı processti tabıslı ámelge asırıw ǵárezsiz mámlekettiń eń aktual wazıypalarınan biri bolıp tabıladı. Sol sebepten de búgingi kúnde jaslardıń tálim-tárbiyası ǵárezsiz Ózbekstannıń mámleket siyasatında úlken áhmiyetke iye bolıp atır.

Házirgi kúnde tálim procesine jańa pedagogikalıq texnologiyalardı qóllaw tarawdaǵı ilimiy izertlewler pedagogika páninde eń zárúrli wazıypalar dan biri bolıp atır.

Oqıw procesinde jańa pedagogikalıq texnologiyalardan ónimli paydalanıw oqıwshılardıń dóretiwshilik aktivligi, ızleniwshiligi, ózbetinshe islewge umtılıwı sıyaqlı unamlı jaǵdaylardı qáliplestiriwdiń eń nátiyjeli usılı bolıp tabıladı. Sabaq hám laboratoriya shınıǵıwlardıń qızıqlı, báseki-tartısqa bay hám sabaqtıń mazmunlı bolıwı, oqıwshılardı sabaqǵa qızıqtira alıwı oqıtıwshılardan sheberlik hám de túrlishe oqıtıw usılların qóllawdı talap etedi.

Organikalıq ximiya pánin oqıtıwda innovciyalıq texnologiyalardan paydalanıw máselelerine de toqtalamiz. Atap aytqanda, karbon kislotalar temasına qanday innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalardı qollap sabaq ótiwge toqtalamız. Innovaciya - tálim sistemasındaǵı hár qanday jańalıq, basqasha aytqanda innovaciya - bul tálim sistemasına hár qanday jańalıqtı kirgiziw, qóllaw degen mánisti ańlatadı.

Organikalıq ximiya pánin oqıtıwda da innovaciyalıq usıllardıń tómendegi túrlerinen paydalanıladı:

1. Kishi toparlarda islew. 2. Aqlıy hújim. 3. Sın kózqarastan oylaw. 4. Debatlar. 5. Kózqarasıń bolsın. 6. Rolli oyınlar. 7. Arnawlı bir jaǵday (jaǵday ) dı úyreniw. 8. Hár kim hár kimga úyretedi. 9. Mashqalalı oqıtıw texnologiyası. 10. Venn diagramması. 11. Modifikaciyalanǵan lekciya. 12. Bumerang hám t.b.

Joqarıda keltirilgen innovaciyalıq usıllardan hár birewiniń mazmunı, qollanılıwı hám abzallıǵı metodikalıq ádebiyatlarda keń kórsetilgenligi sebepli usı tarawǵa tolıq toqtalamiz.

Biz tańlaǵan izertlew teması boyınsha pedagogikalıq tájiriybe-sınaqlardı ótkeriw jıllarında innovacion usıllardıń modellestiriw, kórsetiw, kishi toparlarda islew, Aqlıy hújim lekciya hám laboratoriya sabaqların ótkeriwde keń paydalandıq. Sol orında aytiwimız kerek, qandayda bir temada yamasa laboratoriya shınıǵıwın oqıtıwda bul usıllardıń bir neshe túrlerinen paydalanadı, basqasha aytqanda hár bir ótkerilgen sabaqta innovaciyalıq texnologiyalardıń bir neshe túri birgelesip júzege shıǵadı. Mısalı, organikalıq ximiyadan ámeliy shınıǵıwlarda ótiletuǵın "Karbon kislotalar" temasın úyreniwdi alayıq.

**"Aqlıy hújim" strategiyası**

Strategiya talabalardı tema haqqında keń hám hár tárepleme oylaw, óz qıyalları, ideyalarınan unamlı paydalanıwǵa tiyisli kónlikpe, ilmiy tájiriybelerdi payda etiwge baǵdarlanadı. Ol járdeminde islengen shınıǵıwlarda qálegen máseleler boyınsha bir neshe original (ayrıqsha) sheshimlerdi tabıw múmkinshiligi tuwıladı. Strategiya tema dógereginde belgili kóz qaraslardı anıqlaw, olarǵa alternativ ideyalardı tańlaw ushın sharayat jaratadı.

Innovaciyalıq usıllardan taǵı biri mashqalalı jaǵday jaratıw arqalı programmanıń qandayda bir temasın ótiw, bunda oqıtıwshı mashqalalı rawajlandıratuǵın tálim programmaların biliwi hám ol járdeminde talabalardıń ǵárezsiz oqıw iskerligin shólkemlestiriw hám támiyinlew wazıypaları turadı.

Bul usılda jańa temanı úyreniw sáwbet arqalı ámelge asıriladı. Bul usılda oqıwshılarda aldın ózlestirilgen temadan jańa temanı ózlestiriw ushın sistemalı hám turaqlı paydalanıw hám de jańa tema menen kerekli baylanıstı ornatıw pikirlewdi kóbirek aktivlestiredi hám bilimlerdi puqtalaw ózlestiriwge járdem beredi. Bul usılda oqıwshılardıń jańa temanı ózlestiriw procesi, sol waqıtqa shekem belgili bolǵan bilimlerdiń az-azdan rawajlanıwı, onı jańa jaǵdaylarǵa qóllaw tiykarında kórinetuǵın boladı.

Sonı da atap ótiw kerek, usı waqıtqa shekem oqıtıwshı barlıq oqıw materialdı ózi bayap, oqıwshılar bolsa tińlawshı bolatuǵın edi. Keleshekte oqıwshı iskerligin aktivlestiriw hám jedellestiriwge tiykarlanǵan pedagogikalıq texnologiyalarǵa ótiw zárúr. Mashqalalı tálim oqıwshı shaxsın aktivlestiriwge xızmet etedi. Ámeliy sabaq shınıǵıwın organikalıq ximiya pániniń uglevodorodlar temasına baǵıshlap, bul temanı oqıwshılar jetkilikli dárejede ózlestiriwleri ushın "Blic-soraw" dep atalıwshi innovacion metodtan paydalanamız. "Blic-soraw" (ing. "blic" – tez, tezlik penen) metodı berilgen sorawlarǵa qısqa, anıq hám tınıq tárizde juwap qaytarılıwın talap etetuǵın metod sanaladı. Tálim dárgaylarında bul metodqa muwapıq sorawlar, tiykarınan, oqıtıwshı tárepinen beriledi. Berilgen sorawlarǵa juwaplar toparlıq, juplıq yáki individual tárizde qaytarılıwı múmkin. Juwap qaytarıw forması shınıǵıw túri,

úyrenilip atırǵan temanıń quramalılıǵı, studentlerdiń qamtıp alınıwına qarap belgilenedi.

Shınıǵıwlarda metodtı qollaw tómendegishe ámelge asırıladı:

-Oqıtıwshı úyrenilip atırǵan tema, arnawlı quram bólimler mánisiniń ashıp beriliwin talap etetuǵın sorawlardı islep shıǵıp, oqıwshılar názerine usınıs etiledi

-Studentler berilgen sorawǵa qısqa múddete anıq, tınıq juwap

-Topar (juplıq)da islewde bir student berilgen sorawǵa juwap qaytaradı (onıń toparlasları juwaptı tolıqtıradı, (biraq, pikirler tákirarlanbawı lazım) .

Metodtı qollawda temaǵa sáykes tayanısh túsinikler, tiykarǵı ideyalardıń mánisi studentler tárepinen áwizeki, jazba yáki súwret (keste, diagramma) tárzinde jarıtılıwı múmkin.

Usı usılda ótilgen tema tákirarlap alınadı. Buǵan 20 minut waqıt sarıplanadı. Qalǵan waqıt dawamında - aqlıy hújim usılı tiykarında sabaq dawam ettiriledi:

Ne? Qayjerde? Qashan?

Aqılıy hújim tártibi hám basqıshları:

Aqılıy hújimde hár qanday pikir inabatqa alınadı. Aqlıy hújim úsh basqıshdan shólkemlestiriledi:

1) Mashqalanıń qoyılıwı

2) Ideyalar generaciyası:

Ideyalar kóp bolıwı múmkin. Bul orında shegara qoyılmaydı.

Sın pikirge jol qoyılmaydı. Eń abstrakt ideyalar da inabatqa alınadı. Ideyalar bahalanbaydı. Hámme ideyalar ulıwmalastırıladı.

3) Ideyalar toparlanıwı, tártipke salınıwı hám eń áhmiyetke iyeleri ajıratılıwı.

Hár bir oqıwshıǵa karbon kislotalardıń ximiyalıq qásiyetleri hám alınıw usılları boyınsha reakciya teńlemeleri jazıp keliw tapsırıladı. Qadaǵalaw qolay bolıwı ushın jurnaldaǵı tártib nomeri boyınsha reakciya tańlawları talap etiledi. Ximiyalıq reakciyalardı jazıw procesinde topardaǵı jetekshi oqıwshılar átirapına 3-4ew den topar bolıwına ruxsat. Ximiyalıq reakciyanıń barıw procesi hám mánisin oqıwshı onı qanday usılda jazılıwına qaramastan júdá jaqsı túsinip alǵan bolıwı shártligi talap etiledi. Ximiyalıq reakciyalar nadurıs islengen táǵdirde de nadurıs dep sın qılınbasdan, oǵan qaytadan imkaniyat beriw talap qılınadı. Bunıń ushın óziniń toparındaǵı jetekshi oqıwshıdan másláhat alıwı usınıs etiledi.

Usı usıllarda karbon kislotalar temasındaǵı bilimler oqıwshılar tárepinen ózlestirilip, keleshekte ózleriniń ómirlik iskerliginde qollawı múmkin boladı.

Oqıtıwshı oqıwshılardı sabaq procesinde qatnasıwın esapqa alıp, olardıń háreketlerine say túrde ballar jardeminde xoshametleydi.

Joqarıda kórsetip ótilgenindey, hár bir interaktiv metod tálim-tárbiya sapasın jaqsılaw, natiyjeliligin asırıw, oqıtıwshı hám tálim alıwshılar, oqıwshı hám oqıwshılar toparı, sonıń menen birge, jámáát ortasında óz-ara sheriklikti payda etiw, ideologiyalıq hám psixikalıq birlikke erisiw, bir maqsetke umtılıw, hár bir tálim alıwshınıń ishki múmkinshiliklerin ámelge asıriw, shaxs retinde kórinetuǵın bolıwı ushın zárúr sharayatlar hám de ortalıqtı jaratıwda úlken múmkinshiliklerge iye.

Interaktiv metodlar óz mánisine kóre bilimlendiriwge tiyisli yamasa tárbiyalıq maqsetlerdi ámelge asırıwda belgili dárejede nátiyjege erisiwdi támiyinlesede, biraq, olardıń hár biri tálim yamasa tárbiya procesinde nátiyjeli támiyinlew boyınsha túrli múmkinshiliklerge iye. Usınıń sebebinen oqıtıwshılar interaktiv metodlardı tańlawda úyrenilip atırǵan tema, yamasa sheshiliwi kerek bolǵan máselege itibar qaratıwları maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Qala berse, interaktiv metodlardıń natiyjeliligi jáne de asadı, qashanda, olardı qollanıwda tálim oqıwshılardıń jas, psixologiyalıq qásiyetleri, dúńyaǵa kóz qarasları, turmıs tájiriybeleri inabatqa alınıwı kerek. Bul oqıtıwshılardan kásiplik sheberligi, ilmiylik, bilimlilik, sezgirligi hám intuiciyaga ıye bolıwdı talap etedi.

Respublikada úzliksiz tálim sistemasınıń túrli basqıshlarında iskerlik alıp baratuǵın oqıtıwshılardan hár bir interaktiv metodtıń mánisi, ózgesheligi, qollanılıw shártleri menen tolıq tanısıp shıǵıw, ámeliy áhmiyetin tuwrı bahalay alıw talap etiledi. Usı maqala bilimlendiriw tarawında iskerlik alıp baraturǵın pedagoglar ushın ámeliy derek bolıp xızmet etedi degen úmittemen.

## Ádebiyatlar


1. Erkin va farovon, demokratik O‘zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti lavozimiga kirishish tantanali marosimiga bag‘ishlangan Oliy Majlis palatalarining qoshma majlisidagi nutq. / Sh.M.Mirziyoyev. - Toshkent: «O‘zbekiston», 2016. 56-b.
2. Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini ta’minlash - yurt taraqqiyoti va xalq farovonligining garovi. O‘zbekiston Respublikasi Konstitusiyasi qabul qilinganining 24 yilligiga bag‘ishlangan tantanali marosimdagi ma’ruza. 2016 yil 7 dekabr /Sh.M.Mirziyoyev. - Toshkent: «O‘zbekiston», 2017. 48-b.
3. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2022-2026 yillarga mo‘ljallangan yangi O‘zbekistonning taraqqiyot strategiyasi to‘g‘risidagi 2022-yil 28-yanvar, PF-60-son farmon.
4. 2023 йил 11 сентябрда Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Ўзбекистон - 2030» стратегияси тўғрисида»ги 158-сон Фармони қабул қилинди. Ҳужжат ЎзА томонидан чоп этилди.
5. Ixtiyarova G.A., Bekchanov D.J., Ahadov M.Sh. Kimyoni o‘qitishda zamonaviy texnologiyalar. –Toshkent: 2020.
6. Abdisamatov A., Mirzayev R., Ziyayev R. Organik kimyo. Akademik litsey va kasb hunar kollejlari uchun. –Toshkent: «O‘qtuvchi» 2011.
7. Mamadiyorova H., Shakarov N. Organik kimyo. Akademik litsey va kasb hunar kollejlari uchun. –Toshkent: «O‘qtuvchi» 2011.
8. Shohidoyatov H.M., Xojaniyozov H.O‘., Tojimuhamedov H.S.Organik kimyo. –T.: «Fan va texnologiya», 2014.



**REZYUME.** Maqolada karbon kislotalari mavzusini o‘qitishda interaktiv metodlarni o‘z o‘rnida foydalanish va o‘quvchilarning kimyo faniga bo‘lgan qiziqishlarini orttirish, o‘z ustida mustaqil ishlash ko‘nikmalarini shakillantirish bo‘yicha metodik usullar va ularning ahamiyatlari tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются методические приемы и их значение для использования интерактивных методов в преподавании предмета «Карбоновые кислоты» и повышения интереса учащихся к химии, формирования навыков самостоятельной работы.

**SUMMARY.** In the article, the use of interactive methods in the teaching of carboxylic acids, the analysis of methodical methods and their importance in order to increase the students' ability to work and interest in chemistry, and to form their independent work skills done.


# ONGLI INTIZOM NEGIZIDA AXLOQ FUNKSIYALARI VA MADANIYATI


**Sh.S.Usmonova** – *o‘qituvchi*

*Andijon davlat universiteti*



**Tayanch so‘zlar:** axloq funksiyalari, axloqiy ong, axloqiy munosabatlar, axloq madaniyati.

**Ключевые слова:** моральные функции, нравственное сознание, нравственные отношения, нравственная культура.

**Key words:** moral functions, moral consciousness, moral relations, moral culture.


Axloq – jamiyat, zamon insoniyat tarixi uchun namuna bo‘la oladigan ijobiy xatti-harakatlar yig‘indisidir. Axloq inson va jamiyat o‘rtasidagi ob’ektiv aloqadorlik tufayli kelib chiqadigan, har bir shaxsning hayoti va faoliyatini